

AVI ELEKSYON ESPESYAL POU PÒS REPREZANTAN ETA, DISTRIK 116

ALÒSKE, Gouvènè Eta Florid la, konfòmeman ak Seksyon 100.101 ak 100.141, Lwa Florid, daprè pouvwa ki envesti nan li, mande pou yon Eleksyon Espesyal fèt pou ranpli pòs vid Reprezantan Eta, Distrik 116, epitou li mande pou yon Eleksyon Espesyal fèt pou deziyen kandida pati politik rekoni yo, epi

ALÒSKE, dat yo pou Eleksyon Primè Espesyal ak Eleksyon Espesyal sila yo te etabli pa Gouvènè a jan sa ekri pi ba la a:

Eleksyon Primè Espesyal: 25 jiyè 2017

Eleksyon Espesyal: 26 septanm 2017

ALÒSKE, Seksyon 100.141, Lwa Florid yo, mete an plas pou ke Sekretè Deta a etabli dat pou kandida yo kalifye pou Eleksyon Primè Espesyal ak Eleksyon Espesyal sila yo epi pou etabli dat pou kandida yo depoze rapò kanpay yo, epi

ALÒSKE, kandida ki vle kalifye pa metòd petisyon an fèt pou jwenn siyati valid nan kantite sa a:

240 siyati valid

ALÒSKE, petisyon pou kandida k ap kalifye pa metòd petisyon an fèt pou soumèt bay sipèviziè eleksyon nan konte kote siyati yo te rasanble an pa pita ke 5:00 p.m., 31 me 2017 la, konsa sipèviziè eleksyon an va kapab verifye siyati yo ak sètifye rezulta yo epi soumèt yo bay Divizyon Eleksyon pa pita ke 5:00 p.m., 2 jen 2017. Frè kalifikasyon yo pou kandida ki pap kalifye pa metòd petisyon an se:

Patizan yon Pati Politik: \$1,781.82

San Pati Politik: \$1,187.88

ENSIDONK, mwen, KEN DETZNER, Sekretè Deta Florid, isiba fikse ak deklare ke dat pou kandida yo kapab kalifye pou Eleksyon Espesyal an kestyion an va fèt de 8:00 a.m., jou 5 jen 2017, rive Midi, 6 jen 2017, epi dat pou kandida yo depoze rapò kanpay yo se:

Rapò	Dat Limit	Dat Rapò an Kouvri
SP1	12 jen 2017	Dat deziyasyon an te soumèt – 8 jen 2017
SP2	21 jiyè 2017	9 jen 2017 – 20 jiyè 2017
SG1	23 dawout 2017	21 jiyè 2017 – 18 dawout 2017
SG2	22 septanm 2017	19 dawout 2017 – 21 septanm 2017

Kandida yo dwe soumèt yon rapò final nan lespas 90 jou apre ke yo te rete san opozisyon, te elimine, oswa eli.



ENSKRI pa men mwen ak Gran So Eta Florid, nan Tallahassee, Kapitòl la, 22yèm jou mwad me 2017.

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Ken Detzner".

SEKRETÈ DETA